

# POESAKA-SOENDA

DIKALOEARKEUN KOE PAGOEJOEBAN

JAVA-ISNTITUUT

Anoe djadi Redactie: Dr. R. A. HOESEIN DJAJADININGRAT,

J. KATS, M. SOERADIRADJA.

TOEDJOEL SERAT: - GOENOENG SARI 84. - WELTEVREDEN

Langaosna langganan Poesaka-Soenda dina sataoen ti Juli d.k. Juni f 3.—  
 Pangaosna hidji (sadjilid) Poesaka-Soenda, ngagaleuh ngètèng . . . 0.30  
 Pangaos **samboeng-lajang** (advertentie) dina P. S. sakatja. . . . 20.—  
 Satengah katja . . . . f 12<sup>1</sup>/<sub>2</sub>, . . . . . Saparapat katja. . . . . 7.50  
 dina sakali kaloear.

Oepami ngalanggan samboeng-lajang langkoeng mirah.

## Eusina P. S. No. 12

1 Raden Mr. Dr. Koesoema Atmadja . . . . . katja	177
2 Oosten en Westen . . . . . "	179
3 Bab Wajang . . . . . "	187
4 Paririmbou . . . . . "	189
5 Dongèng Sepoch . . . . . "	191

## Raden Mr. Dr. Koesoema Atmadja.

(Sareng potrètna).

Tangtos pisan para nonoman Pasoendan, nja kitoe deui geus moal boa sadaja oerang Soenda, pada ngiring soeka boengah reh ngadarangoe wartos jèn salah sahiji oerang Soenda anoe djenengan Raden Koesoema

Atmadja. noe keurna moerangkalih kènèh kakasihna Radèn Soelèman Effendi, dina katompèrnakeun taoen 1922, di sakola loehoer (Universiteit) Leiden di nagara Walanda, geus kènging gelaran **Doctor** tina perkara èlmoe hoekoem (Doctor in de rechtswetenschap).

Rad. Koesoema Atmadja tèh hidji oerang Soenda kaloearan sakola hakim (rechtsschool) Weltevreden, anoe pangmimitina pisan angkat ka nagara Walanda baris neroeskeun èlmoeana di sakola loehoer (Universiteit) nepi ka hasilna laksana sapamaksoedanana, nja eta barang oendang-oendang Nederland (Nederlandsche Wetgeving) maparin djalan ka nonoman kaloearan sakola hakim Weltevreden iasa ditampi di Universiteit, adjeunna mah teu talangkè deui.

Mitrana ti Djawa, anoe djenengan Rad. Gondokoesoemo gandjor satengah taoen heulaeun andjeunna, angkatna ka nagri.

1922  
Dr. Mr.

Rad. Koesoema Atmadja dibabarkeunana di Poerwakarta tanggal 8 boelan September taoen 1898, nalika ramana anoe djenengan Rad. Rg. Soetadilaga njepeng damel di dirja.

Dina joeswa 6 taoen koe ramana dilebetkeun ka sakola Walanda (2e Europeesche lagere school), sarta barang ramana dialihkeun ka Bogor, djadi Wadana, nja Rad. Koe. soema Atmadja ogè ngalih deui sakolana ka Bogor, di sakola Walanda Pasar-anjar. Tapi ari namatkeunana sakola handap mah, ti kelas 5-6 djeung 7, lain di Pasar-anjar, nja éta di Eerste Europeesche school di Bogor kènèh.

Keurna kelas 6 andjeunna koengsi ngiring K'einambtenaar eksamen, kènging, malah kènging **goed**.

Sakalocarna ti sakola Walanda andjeunna nja lebet ka Voorbereidende afdeling sakola hakim (Rechtsschool) di Weltevreden.

Genep taoen lamina sakolana di sakola hakim, teu aja pisan tjangtjalana, loeloes moeloes teu aja barèbedanana soehoed djoenoe nja getol nja pinter, matak ngahoengahkeun ka goeroe-goeroena sareng ka leeraar-leeraarna, Dina boelan Juni taoen 1919 andjeunna medal ti sakola hakim djadi nomer 3, dina èksamen panoetoepna; sarta teu lami deui ti sanggeus ngantoe sakola, ladjeng diangkat djadi padamel anoe dibantoekeun ka Presidèn Landraad Bogor, kènging gadjih /150 saboelan.

Henleut sataoen andjeunna diangkat kana Biskalgilipir (fiscaalgriffier) di Medan.

Angkatna ka Medan, nambahan kana katjengangan manahna kana noeloejkeun diadjar, ngadjembarkeun kaoningana, sarta beuki njongsrong hojongna ka nagara Walanda, tina karaos jèn masih lega kènèh ambabeun, hojong ngahontal èlmoe hakim anoe laloehoer anoe geus poegag tatjan bisa karandapan di Hindia, nja éta geusan pakarang dina enggoning pareboet hiroep.

Barang dina tengah-tengah taoen 1920 miniti aja saabroelan mitrana anoe ariang ka nagari Walanda, „Pandi” geus teu ngeunah tjiting, teu kaampeuh koe hajang geura djoeng ngadjoedjoer pangdjoeroeng èlmoena.

Iboena, maloeun istri, katjida awilna moentanganana mageuhanana, teu kersa dikantoe koe poetra tjikal anoe geus tjoe-

marita, tina abot manahna bakal pisah sakitoe tebihna, èstoe dipoeok kapaoer ditambah koe kahariwang, palangsiang djeung boa anoe djadi gogoda, nanging tina keukeuhna katawekalan poetra, nja lami-lami leah manahna, masrahkeun poetra kana kersana Pangèran; ari moenggoehing noe djadi rana mah longsong, dina palebah dieu ngadjoeroeng lakoe njamboeng pindoenga.

Enggalna „Pandi” moendoet lirèn tina damel, da ari verlof geusan diadjar mah, koe Pamaréntah teu kaidinan.

Djoeng Radèn Pandi ka nagri, sarta dina boelan November tanggal 1 taoen 1920... djog andjog ka Rotterdam, toemamoe malah rada ngahodhod semoe moettijtjid bawaning koe tiriseun, diparapagkeun koe kantja mitrana anoe geus pada narembongkeun katabahanana tjara geus naoen naoen ajana di pangoembaraan, bangoen manoezna biasa di hawa tiis. Ari Pandi anoe satorodjoina ti dieu saharita ngan ngarasa doesoan anoe aja, tina toemamoe tèa. Tapi rasa kadoesoenanana tèh ngan sakedet nètra, kasilih koe pangarti kahibaran pangabisa.

Kalawan panoengtoenna pangdjoedjoekemana sareng pangdjaringna Prof. Mr. C. van Vollenhoven anoe katjida pisan welas asilna ka oerang Hindia, nja Rad. Koesoema Atmadja lasa noeloejkeun èlmoena nepi ka tamatna di Leiden. Dina wiwitan taoen 1922, andjeunna kènging Doctoraal examen rechten.

Nanging koe pangrodjongna sareng piwedjagna Prof. Mr. C. van Vollenhoven tea, Rad. Koesoema teu ngaraos tibra manah koe meunang gelaran Mr. woengkoel lantaran kaoeninga jèn sanggeus aja robahan anoe diseboet „Akademisch statuutrecht” mah, meunang makè éta gelaran Mr., koe èksamen doctoraal tèa baè, teu koedoe makè **promoveeren** deui (Koedoe ngarang, njieun boekoe perkara anoe geus ditangtoekeun). Ari Rd. Koesoemah mah kahojongna kèngingna Mr., tèh boeleud, nganggo promoveeren heula sagala. Nja dek andjeunna oesaha deni.

Dina njatjapkeun ngalakonanana promoveerenna tèa, andjeunna kedah ngarang (ngadamel boekoe) milih salah sahidji tina 3 djedjer (onderwerpen). Rad. Koesoemah anoe ti moemoerongkalihna kènèh, malah dong-

kap ka ajeunana pisan leket pageuh kana agamana, nja ana kop téh miuh djedjer anoe njabit kana kaislaman téa baé, nja éta:

**„De Mohammedaansche vrome stichtingen in Nederlandsch Indië“.**

Boekoe karanganana (proefschrift) téa, di alamatana koe basa Soenda, oengelna: **„Diwiatkeun ka lemah tjai djisim koering Tanah Pasoendan“.**

Koe lantaran éta (karanganana), (1) nja dina tanggal 15 boelan December taon 1922, Raden Koesoema Atmadja geus ditibanan gandjaran koe gelaran **Doctor in de rechts-wetenschap.**

Sakitoe geus meunang **Mr.**, meunang **Dr** téh, tapi atjan toetoe kénéh baé, lantaran koe naséhatna Prof. Mr. C. van Vollenhoven téa, perloe' ngiring héula eksamen anoe diseboet *facultéitsexamen* téa, nja éta éksamen pikeun pipresidén-landrateun di Hindia.

Geus moal boa, geus moal matak salem-pang éta **Dr** nonoman téh bakal loeloes eksamenna, sarta bakal téréh moelih ka bali geusanna ngadjadi, patepang sareng iboe-ramana anoe dina taon ieu lirén moendoet pangsioen tina Wadana di Rengasdengklok. Engké soempingna **„Den Pandi“** ka dieu, tangtoe lain matak boengah iboe ramana sareng koe/wargina woengkoel, tapi matak soeka sadoenja Soenda.

Eta **Mr.** nonoman ajeuna téh nja katara-djang kasesahan ogé tjara réntjangna anoe sanès baé koe pangaroehna **„bezuiniging“**, lantaraan ngan saeutik naker **Mr. - Mr** anoe dilangkaun ti nagri ka Hindia, nepi ka réa anoe kapaksa noenggoe-noenggoe terboeka di ditoe.

Moega-moega baé Pamaréntah Walanda anoe geus ngagandjar koe kaboengahan maparin djalan ka Inlandsche Rechtskundigen geusan neroeskeun élmoena ka nagri téa, sarta nepi ka réa anoe kabanita, masing ngémoetkeun kana kaajaanana éta para nonoman, sarta éta anoe geus laksana mak-soedna soepaja énggal dipoelangkeun ka lemah tjaina.

Kapan sadaja ogé pada oeninga jén éta para nonoman téh katjida dipikaboetoeahna djeung katjida perlona pikeun Hindia, komo

1) Boekoena dititak sareng dikaloearkeun koe toko boekoe „Adi Poestaka“ kagoengan R. M. Noto Soero'o di Den Haag.

satoengtoeng Hindia pribadie teu atjan mi-boga, atawa teu atjan poegoeh djirinna, boga Indische Rechts Hoogeschool téa mah.

Tapi, oerang oelah weléh neneda, moega-moega éta sakola lochoer anoe bieu, masing geura-geura boekti, geura ngadeg di oerang, soepaja para poetra Hindia, oelah tepi ka koe/oe naoen-naoen pisah ti lemah tjaina, paangang ti koela wargana, njangsara manah anoe djadi iboe, tjara noe geus karaos koe iboena Koesoema Atmadja sakitoe beurat tibelatna sono teu aja kendatna, hojong geura gok tepang djeung poetra, ari toeroeg-toeroeg moeggoching di istri mah kaseuseueuranana éta kabeurat manahna téh teu kaobaran koe bédja meunang eksamen, da woengkoel katoengkoel koe melang.

P. J. G.

### **Oosten en Westen**

Kagegelan Dr. Nieuwenhuis.

Kana babasan **Oost en West** anoe pihartieumana **Koelon djeung Wetan** (kapinterran Koelon djeung kapinterran Wétan), ajeuna mah kawasna geus moal aja anoe teu oeninga, tangtoe sadajana geus pada ngadarangoe, tina geus sakitoe nerekabna, geus djadi katjapangan sarèrèa di manamana.

Eta katjapangan ka-béh-dieunakeun dja-di ramè deni, djadi tambah kahoedang djeung tambah kagoegat deni, koe lantaraan Toeàn Kipling, nja éta hidji boedjangga Inggris anoe kawentar pinter, aja dina golongan loehoeng, geus ngaliarkeun katjapangan anjar pangropèa tina noe asal téa, sarta anoe koe andjeunna salah pisan dilarapkeunana, lantaran atah sasar koe-rang rampa, henteu ditjoektjroek ti poehoe dipapaj soengapanana. Kieu oenima katjapangan T. Kipling téh:

Koelon-koelon, Wétan-Wétan;

Koelon djeung Wétan taja peta supatemon!

Ari pokna dina basa Walandana:

*Oost is Oost en West is West.*

*En nooit zullen die twee samenkomen!*

Tab, éta katjapangan Toeàn Kipling anoe sakitoe salahna ngalarapkeunana,

sarta katimbang oetjap kedal tina atah sasar, matak mawa kana mabal, tangtoe pisan koe oerang sarèrèa koedoe geuwat diperangan, oelah diantep naratajan ka mamana, bisi kaboeroe njaliara nerekab mantèn, bisi kaboeroe njerep kana rasa anoe salantjar, tina tètèla èta katjapangan anoe kitoe tèh matak ngarenggangkeun pasanakan, noengtoen kana ngabengkahkeun. Hajoe ajeuna oerang lawan, oerang perangan koe katrangan sing ètjès nèmbrès, bédjèr-bèaskeun sing djèntèrè tètèla sasabna èta babasan T. Kipling.

Mimiti mangga oerang boekta koe babad. Oepama oerang ngoengkab babad doenja, saboetoehna babad-babadna poesaka èlmoe (cultuur geschiedenis) baè heulaanan, samèmèh mapaj katrangan anoe lian tèh, geura di dinja ogè oedjoeg-oedjoeg brèh baè nembrak katambiasna paham Toean Kipling tèh, tètèla geus ninggang dina salah, anggang tina basa enja.

Ari sababna, kapan dina babad ogè geus atra kaoeninga, oepama mapaj raratan noeroetkeun galoer toetoeeranana mah, jèn Koelon djeung Wètan tèh ti baheulana moela, taja lian ti paheujeuk leungeun silih djeudjehkeun silih djoengdjoeng silih paraban di kakoerangan, lajeut bareng saaleutan henteu pisan pipisahan.

Boa-boa èta mah gelarna aja basa anoe djadi bangbalikan Koelon djeung Wètan tèh, soegan pèdah èta baè lantaran oerang bisa ngeunteupkeun tingal kana boektina djoenggiringna ajeuna, ngabandingkeun kaajaan tanah Djawa djeung nagara Walanda, Amerika djeung Djepang. Atoeh ari woedjoedna anoe katingal èta mah, da poegoch lain babandingan poesaka èlmoe-na, lain-lain atjan bandingkeuneun anoe koedoe djadi toengtoeng tjatoer. Tapi nadjan ningal ka dinja, ari saenjana pisan mah, èta ogè ana dihaben dilenjapan mah, geura beuki lila beuki samar, toengtoengna beuki teu aja bédana, djoetjoengna beuki toenggal ngahidji, da ngan bèda loearna bèda katingalna woengkoel. Di mana bèdana atoeh Koelon djeung Wètan tèh, soegan dina èlmoe-boemi ajana.

Komo beuki teu aja dina èlmoe boemi mah, da geura oepama oerang njanghareupan gambar kar (kaart, atlas) mah,

soemawonna, ari braj atlas, brèh gambar, les baè leungit Oost djeung West tèh, moesna teu aja djoengkrang anoe nganggangkeun rasa Koelon djeung Wètan tèh, da teu aja kalangna tèa.

Leuheung meueus baheula keur alam oerang Eropa boga sangka jèn doenja tèh ngan woengkoel di sakoeriling boengking Laoet Tengah (Middellandsche Zee) anoe ajana antara boeana Eropa djeung Aprika, rada babari sarta bisa toekoeheun mageuhan Koelon djeung Wètan tèh, tapi ari ajeuna mah sanggeus oerang loma wanoh djeung doenja, geus teu aja èta sangka baheula tèh, da poegoch koem djadi sakoemboeh tèa, teu Koelon teu Wètan toenggal sapa-doemoekan kènèh. Ari margina lantaran rèa anoe djadi saksi, geura oepama koe oerang ditilik sareng ditètèk hidji-hidji tempat engkè kanjahoan salang-soeroepna anoe saenjana. Mangga baè manahan koe sadajana, ari oerang **Eskimo**, anoe matoehna di Eropa beulah kalèr, èta tèh kaasoep kana oerang Koelon atawa oerang Wètan?

Oerang **Indiaan** oerang **Inca**, oerang **Soeloe**, oerang **Maroko**, tjing ka mana asoepna, naha kana golongan bangsa **Wètan** atawa kana golongan bangsa **Koelon**?

Moenggoeh oerang **Eskimo**, nadjan tji-tjingna aja di boeana Eropa, tapi ari sipat-sipatna, leuwih deukeut ka bangsa **Dajak** di oerang, tinimbang djeung ka tatanggana bangsa Eropa tèa.

Oerang **Inca** (Masiko) di Amerika, apan ajana koeloneun Eropa, tapi ari poesaka èlmoena (cultuurna) leuwih deukeut ka bangsa Wètan ti batan ka oerang Eropa, oerang koelon, pada hal koelonna tèh èta mah bèh ditoeun Koelon.

Oerang nagara **Tjina** ka oerang **Amerika**, tjing koedoe koemaha ngabasakeunana, naha koedoe njeboet oerang Koelon deui, atawa èta mah koedoe tetep njeboet oerang Wètan? Kapan ari tempatna mah Amerika tèh sawètaneun tanah **Tjina**, ari cultuurna geuning diseboet cultuur **Koelon**!

Djadi tjindekna beuki roepék matak poegag tjarita **Koelon** djeung **Wètan** tèh, nadjan dioedag koe tempat mamawa kana madhab ogè; nja sami kènèh boetekna nadjan koe oerang dieunteupkeun ka-

na atlas kana èlmoe boemi ogè saroea pada teu aja ladjoena. Geura baè mangga maranahan, oepama anoe dipikarep koe ketjap Oosten (Wètan) tèh boeana Azia, ari Westen (Koelon) boeana Eropa, tjing ari Oestrali, Aprika, Amerika, tah badè dikamanakeun? Mangga ka mana badè dirèndonkeunana, da kapan kaaroeninga adegna éta boeana-boeana anoe sèdjèn tèh nja tjampoeran Azia djeung Eropa!

Koe margi bieu dioedag koe madhab tètèla teu keuna, tjing ajeuna oerang soesoel koe oesoemna, oerang oengkab koe bédana kala-mangsana (klimaat), soegan hawa (kala-mangsa, klimaat) tèn anoe djadi lantaran anoe enja beunang dipakè ngabédakeun Koelon djeung Wètan tèh.

Kala-mangsa (klimaat) djeung poesaka-èlmoe (cultuur) tèh kapan dalit ngahidji sambat-sinambatan. Kalamangsa tèh ngadjoeroeng kana galarna poesaka-èlmoe, sarta gedè pisan perbawana gedè panarikna kana kamadjoenanana cultuur tèh. Siga enja Kala-mangsa anoe djadi bibit bédana poesaka èlmoe Koelon djeung Wètan tèh. Kapan geura tingali leuweung-leuweung di tanah panas (tropenwoud) bédana kabina-bina djeung tanah (leuweung) di Sibèri, nja kitoe deui moenggoeh di djelemana anoe njitjingan tanah panas anoe deukeut kana goerat lini tèn, bédana pisan kaajaanana ti djelema-djelema anoe ajana di Eropa beulah kalér dj. s. t.

Koe katrangan bieu, meureun oerang tèh bisa nètélakeun jèn: bédana Koelon (Westen) djeung Wètan (Oosten) tèh lain toedoh kana doemoekna tempat ngoedag madhab, tapi merenah dina bédana kalamangsa (klimaat). Heug ajeuna éta oerang akoe heulaanan, nja éta oerang tanah panas (tropenbewoners), anoe djelema-djelemana teu pati katarik koe kamistian migawè pagawèan beurat, teu kapaksa koedoe tihothat geusan kipajah, tapi djelema-djelemana biasa djadi toekang ngaheningngahening, ngentjar tjipta ngintip kasoe-tjian batin, tah éta meureun anoe koedoe dingaranan Oosters (oerang Wètan) tèh, sarta sabalikna ajeuna anoe tjaritjing di bagian hawa tiis, anoe djelema-djelemana kapaksa koedoe disocoet tidoengdoeng, hoeloe didjieun soekoe, soekoe didjieun hoe-

loe kana kipajah koedoe digawè sarta rariikat palalèkat kana satjabak-tjabakna, tah éta anoe diseboet Westers (oerang Koelon).

Tapi . . . keukeuh éta ogè teu bener, misahkeun Oost en West koe idjrahan bieu tèh; ari lantaranana geura baè mangra gabih boelak-balik, saha anoe pingakoeun, saha anoe pinjeboeteun jèn bangsa Tjina bangs Koelon, bangsa Westen? Pada hal ari milik kana kala-mangsana mah, kana oesoem-oesoemanana, kapan nagara Tjina tèh salali tiga oerang djeung Eropa djeung Amerika-kaler, pada boga oesoem saldjoe, oesoem ès, moesim panas, moesim tiis sugala roepa.

Tapi kapan aja di Tjina goedangna poesaka-poesaka èlmoe anoe diseboet poesaka-èlmoe-Wètan tèh; djadi geuning nadjian kakeeroeng koe kala-mangsa tjara di Eropa ogè, anoe pantesna koedoe saeojenan djeung cultuur Koelon pèdah sae-soem tèn, keukeuh baè Wètan poesaka-èlmoe mah, henteu toekoe kana oesoem, teu kasurad koe kala-mangsa.

Aja deui anoe bisa at. beunang dipakè katrangan pikeun pakarang pamendak anoe bieu, anoe njeboet oerang Wètan ka oerang hawa-panas (tropenbewoners), djadi anoe misahkeun éta bangsa djadi sagolongan, nja éta pèdah dina bagian koelina oerang hawa panas, aja parahot geusan madah panasna panon-poè, nja kitoe deui beueusna hawa di dieu, djeung eusina èlektrisiteit anoe aja dina hawa, sarta kaajaanana angin, obahna angkasa (luchtbeweging) di tempat panas tèn bédana ti tempat tiis; mangkaning ari beueusna hawa, gedèna angin, réana èlektrisiteitna hawa tèn, éta gedè pisan mawana gedè pangaroehna kana hiroepna djelema, nja kana poesaka-èlmoena djelema-djelema anoe aja di éta tempat-tempat tèn.

Malah tina perkara ieu, geus aja hidji boedjangga oerang Amerika, anoe oesaha geusan nètélakeun sarta nerangkeun jèn di tanah-tanah anoe teu gedè anginna, henteu pohara obahna angkasana, nja saperti di tanah oerang di tempat bagian hawa panas, saeorna, poesaka-èlmoe (cultuur)

téh moal bisa gèndjah djadina, henteu gampang rekah nerekabna.

Tapi lamoen enja tèa mah Oosten téh saharti djeung tanah-panas, sarta nadjan aja katrangan noe tadi tèa, atoech da moal enja saendengna kitoe baè, teu aja obah-obahna, pamohalan bisa langgeng dina sasipat baè, oerang téh oelah toekoeh kana sakitoe, da sanadjian enja kala-mangsana saendeng-endeng angger baè teu aja pisan robahanana, tapi ari watekna djeung perbawana mah henteu koedoe djeung tatjan tangtoe angger baè.

Naha ari djadina cultuur téh, lain nja èta koe lantaran beubeumangan oesaha anoe ngèlèhkeun at. ngalindih panghalang alam (natuur) djeung kala-mangsa (klimaat) ?

Bahéula, alam oerang Eropa beulah kalèr, anoe teu ara ngarasa panon-poè ngaliwatan sirahna, sarta anoe tirisna bèh ditoeun tiris masih kènèh saba leuweung, biadab atjan kapandjangan kapinteran, tapi harita téh ari oerang kidoel mah, oerang tanah panas, saperti:

Egypte, Hindoe, Griekenland geus la-loehoeng pisan èlmoena, geus djalalembur pangabisana.

Nja oerang kidoel, oerang tanah panas tèa, anoe ngawarah ka oerang Eropa djaman saba leuweung kana njeun imah, lampoe, boekoe dj. s. t. sarta nja èta pisan anoe djadi lantaran oerang Eropa kana nintjak alam kamadjoean téh. Madjoeana oerang Eropa, teu tolih kana tiris, teu tolih kana poèk, tjindek teu aja anoe dihidang, da pikeun ngamadjoekeun poesaka-èlmoena ngoedag kana djembarna djaman kamadjoean.

Ana ningal tjonto tadi, naha ari oerang hawa-panas moal bisaeun atawa djadi pamohalan ngèlèhkeun panasna hawa, tina panarikna kala-mangsa, geusan ngaheun-djalkeun tanagana kana madjoe?

Asa sageuj, komo deui djaman ajeuna mah, ningal pakakas toetoempakan pikeun ngoendjal djelema soepaja bisa njingka-han halangan panggoda hawa, geus sakitoe rèana mangroepa-roepa, sarta sakitoe garantjangna, saperti: kapal, karèta api, mesin hiber dj. s. t. toer pakeunna teu sakoemaha beuratna, nja èta baris ngalak-

sanakeun sangkan gampang obah-obah ngagolangna oeteuk ngoedar rereged panggoda hawa, saperti koe djalan titirah, atawa njaba ka goenoeng-goenoeng atoe hawana tariis.

Malah di Pilipina mah kalakoean kitoe téh, geus dienjakeun pisan, geus djadi kabiasaan, tina tapakna sarta kaboeboektianana ngalandjrek di goenoeng-goenoeng téh atra katingal, karasa koe sarèrèa maoenatna ganti hawa magoenoengan téh. Di ditoe mah oenggal taoen bangsa priboemi téh pada merloekeun dina pakantji, selang-selang tina oesaha, njaraba ka goenoeng-goenoeng ka tempat anoe tiis, ari asahna mah nja tina toetoeoet moending niron oerang Amerika.

Eta ganti hawa kitoe kaasoep kana djalan geusan nintjak kana hambalan anoe mawa kana kamadjoean. Saperti di tanah Eropa, atoean imah téh koedoe tjara anoe ilahar ajeuna, nja èta ngarah di djerona panas (imah tèmboek), sabab di ditoe mah di loear katjida tiisna. Tapi ari moenggoeh di tempat panas mah, saperti di dieu, saenjana imahna téh koedoe sabalikna ti imah Eropa, nja èta oelah halang panas di djerona téh, tapi koedoe sina tiis, da hawa di loear geus sakitoe panasna, ngarah aja pangaroehna kana tjangna oeteuk anoe njitjangan.

Kapinteran èlmoe kasèhatan (tropenhygiène) kapan ajeuna mah geus bisa ngèlèhkeun pirang-pirang perkara anoe djadi halangan anoe aja dina hawa kala-mangsa (klimaat). Karaton malaria di Ismaila djeung enggon moeriang-konèng di Panama, geus dibasmi kabèh.

Tah soegri anoe aroeninga, jèn moeriang, malaria, tadjam, mijnwormziekte (kasakit anoe dilantarankoun tina saroe-pa tjatjing), hidji mamala anoe djadi panandasa kana hiroepna djelema, tangtoe pada pertjaja deui jèn sanggeus èta kasakit diperangan, geus moal boa kadjadianana matak aja perbawana hadé, kana watek djeung sipat-sipatna djelema anoe tadina dipocoek koe èta kasakit-kasakit tèa.

Aja deui katrangan, nja èta hidji toean oerang Purasman djeneganana J. Izoulet, anoe masboer loehoeng èlmoena, ari ningali hasilnja sport (maèn bal, hemnastik

dj. s. t.) sok sasaoeran kieu: „Oerang tèt pertjaja teuing ka noe njangka, jèn hidji bangsa tèt koemaha loeloehoerna, toeroenan bodo nja teroes bodo, karoehoenna pinter paranakanana pinter deui, pada hal kakara koe hasil sport baé saboetoehna dina doea tiloe toeroenan ogé, geus èbrèh obahna sipatna bangsa-bangsa tèt.”

Tah katrangan éta koe oerang beunang deui dieunteupkeun ka bangsa-bangsa anoe aja di bagian hawa panas, anoe pada meunang boeah oesahana èlmoe kaséhatan (troyenhygiène).

Kala-mangsa gedè naker pangaroehna kana tatali-hoerip. Ari tatali hoerip tèt koe panaloengtik kaajeunakeun, geus ditètélakeun jèn beunang dipaké nangtoekeun adat tabéatna bangsa.

Saperti oerang Minangkabo, noeroetkeun katrangan sawaréh djelema, adat tabéatna bèda ti bangsa Djawa, leuwih goembira leuwih rikat, lantaran bèas anoe ditèda di ditoe bèda deui djeung bèas Djawa, tjenah.

Tapi lamoen enja tèt mah kitoe, éta tèt teu beunang dipaké patokan geusan panjangtjang ngoekoehan adat djeung sipatna bangsa, da djalan patjarokna talali-hoerip tambah gampang tambah rès, silih kirim silih anteuran. Nja kitoe deui karpinteran èlmoe tatanèn éta ogé djadi lantaran kana ngahidjina tiatali-hoerip sadoenja, da lain koe diantep nerekabna woengkoel, ieu mah djeung dihadjakeun deui.

Lamoen enja watek djeung adatna bangsa tèt perbawa kadaharan, atoe paraban bèas Minangkabo baé oerang Djawa tèt ambèh galoembira tambah rarikat (actiuiteit).

Djadi kala-mangsa ogé teu djadi katrangan kènèh baé, teu djadi tjiri anoe ngabédakeun Koelon djeung Wétan lantaran tanah-tanah anoe saroea pisan kala-mangsana (klimaat) saperti Californi djeung tanah-tanah anoe aja di Azia, bet sakitoe bèdana, datang ka djadi bangbalikanana ari perkara poesaka-èlmoena (cultuurna) mah.

Meureun kabangsaan anoe beunang dipaké ngabédakeun Oost djeung West tèt! Soegan oerang Koelon mah barodas oerang

Wétan mah harideung, karonèng tjara dina sangkaanana anoe biasa teu djeung rangkepan.

Tah nja ieu anoe sok ngoesoetkeun matak kaliroc tèt, lantaran saperkara harti bangsa. basa djeung poesaka-èlmoe sok ditjampoer-adoekkeun, kadoca kapan di mamana ogé teu aja bangsa anoe beresih, koedoe baé tjampoeran. Aja bangsa Slaven di boeana Eropa, nja bangsana bangsa Slaven, ari ngomongna lain basa Sloof tapi basa German kaasoeup kana poesaka-èlmoe Koelon, tapi agamana mah agama Wétan, tah sakitoe matak baliwetna.

Djelema-djelema anoe njitjangan Eropa beulah Kidoel djeung beulah Koelon, nja éta anoe djadi babakoe diseboet miboga poesaka-èlmoe koelon tèt, éta tèt koelitna henteu bodas bener, sabab saenjana éta bangsa tèt getihna tjampoeran. Kieu toeroanana: Bangsa abid (slaven, boedak beulian) oerang Aprika anoe geus dimerdikakeun, rès anoe boeboeara ngaboeniaga di Rome, nja njeorok ka priboemi patani oerang Itali, nepi ka baranahan anoe ngaroendajkeun oerang Itali, noe matak oerang Itali koelitna teu bodas bener. Ari bangsa Moor, nja kitoe deui baheulana njeorok ka oerang Parasman djeung Sepanjol, nja toeroenan ieu anoe liar nerekab ka sakoeliah Eropa Kidoel djeung Koelon tèt. (Ieu noemoetkeun katrangan Toean Johnston).

Bangsa Inggris, Djepang, Tjina ieu ogé getihna tjampoeran, anoe matak sakitoe karoelatna, ari patjampoerna geus ti baheula kènèh. Bangsa-bangsa anoe getihna tjampoeran éta kararoelat, malah Toean Deniker mah nepi ka ngaragragkeun sa-oer kieu:

Bangsa mah beuki palinter beuki èbrèh tjampoeranana. Djadi lantaran bangsa-bangsa tèt getihna tjampoeran, atoeh taja petana oerang bisa misahkeun Koelon djeung Wétan koe kabangsaan, soemawonna ari koe roepa koelit mah, da poesaka-èlmoe mah teu toekoeh kana hideung-bodasna koelit, aja anoe koelit bodas ari cultuurna Wétan, aja anoe koelit hideung ari cultuurna Koelon.

Oerang Roeslan, bangsa Slavisch anoe

koelitna bodas ari poesaka-élmoena kawèntankeun.

Oerang Vinnen bangsa Mongol, tapi ari poesaka-élmoena kaèropaankeun, nadjan koelitna konèng ogè.

Bangsa Jahoedi poesaka élmoena Eropa, ari wanda djeung romau kaasoeup oerang Azia.

Tah, tjing éta anoe ditataan bieu tèh ka mana rèk digolongkeunana, ka Koelon at. ka Wètan?

Di Hindoe aja kènèh bangsa toeroenan Griek, pasésaan alam Iskandar doel Kar-naen.

Noemoetkeun karangan T. Coedes, oerang Azia Kidoel tèh aja tjampoeran getih Eropa, tjara oerang Minangkabau di Soematra.

Di dieu ogè di Djawa, nja tjampoeran djeung getih Hindoe getilna.

Djelema-djelema oerang nagara anoe katjelok djadi poesurna kamadjoean, hoelowafanna atawa goedangna poesaka-élmoè, éta nja kitoe baè getilna tèh getih tjampoeran, saperli oerang: Tjina, Egijpte, Rome. Komo ari oerang Amerika ajeuna mah létèla noker tjampoeranana tèh, atra kabingal dina koelitna, oerang Amerika-Kalèr tjampoeran koelit bodas pada bodas, ari oerang Amerika-Kidoel djeung Amerika-Tengah tjampoeran koelit bodas djeung beureum atawa hideung. Tah ieu kieu tèh tangtoe bakal kadjadian di sakoe-liah doenja, geus moal beunang ditjegah deui.

Perang doenja anoe kakara kadjadian ajauna-ajenna ieu tèa, éta gedè naker pangdjoeroengna kana njampoerkeun getih bangsa djeung bangsa deui, lantaran mèh ti sakoe-liah doenja ngambreg ngaronom Eropa, saperti ti Hindoe, ti Aprika dj. s. t.

Dina windoe kagenep welas, oerang Eropa atjan boga rasa, soemawonna katjapanganana mah, kana ngahina koelit tèh, mimitina aja basa bèda koelit tèh ti sanggeus oerang Eropa baroga tanah bawalian (djadjahan).

Sanggeus oerang Eropa baroga djadjahan nja tambah rèa anoe ngaloembara ka tanah bawahanana tèa, sarta nadjan rèana teu sakoemaha, ngan saeutik, tapi dina rasaanana dina angkeuhanana leuwih loe-

hoer batan oerang priboemi di dinja, lantaran sémah tèa boga ingetan oenggoel pangarti rèa loeang djeung rèa-rèa deui.

Éta rasa ngahina sémah ka priboemi tèa, ajeuna geus katjida ngoeranganana, noe matak kana patjorokna beuki tambah-tambah baè, djalan njampoerkeun getih. Malah ajeuna di Eropa rèa djelema anoe pikirna sabalikna baheula, éstoc dibalik lemah pisan, komo di Parasman mah, nja éta nepi ka ngarasa moelja djeung bagdja, lamoen aja bangsa Neger anoe njerok (rangkep) ka sanak barajana.

Djadi Wètan djeung Koelon tèh tètèla teu beunang dipatok koe kabangsaan, da geus djadi tjampoeran tèa dina bangsana ogè, malah rasa anoe ngabédakeun hidji bangsa ti bangsa anoe sèdjèn beuki lila beuki ngoerangan, sarta tangtoe madjoe kana leugitna pisan.

Koe lantaran dioedag koe madhab, dikotèktak dina kala-mangsa, disoengsi koe élmoè boemi, dipapaj tina kabangsaan, welèh teu kapendak bèdana Koelon djeung Wètan tèh, sakoemaha anoe geus dipedar di loehoer tèa, tjing soegan beunang ajeuna oerang goear dina bèdana adat wawatekan bangsa (Volksaard), bisi ieu anoe sabab kana gelarna éta katjapangan.

Naha oerang Wètan tèh boga sipat adat sorangan (spesifik) kawètanankeun, djeung naha ari oerang Koelon tèh deui, boga sipat adatna anoe modèl mingsal ti oerang Wètan?

Pikeun misahkeun babagian koe djalan njokot sipat adat, éta leuwih bangsa leuwih roepet ti batan ngabèda-bèdakeun koe bangsa.

Kawasna moal aja anoe sakitoe lalawo-rana sakitoe bodona tjara anoe sok ganagana netepkeun sipat adat (karakter) hidji bangsa. Nepi ka sok aja djelema anoe kakara baè saliwat njaba ka hidji tempat (poelo, tanah atawa nagara) tatjan wanoh tatjan loma djeung oerang dinjana, trèt wani ngarang njeun boekoe, anoe sok toe-loej engkèna ditjaroetat koe noe sèdjèn, pada hal nangtoekeunana djeung ngabè-bèrkeunana adat-adatna djeung sipat-sipatna éta bangsa, manèhna henteu wawoeh moending-wawoeh moending atjan tèa, tah toe-loej baè koe noe matjana digarogoe.



Geura sakoemaha pialaheunana djeung sakoemaha piraeanana anoe kabeneran teu katoelis atawa anoe kaliwat?

Bangsa Parasman kawasua saenjana mah hidji bangsa anoe panghadèna djeung pangroentoet-roekoenna, ti djelema di sakoeulah doenja, tapi meunang ngaran djeung seseboetan gorèng pisan ti bangsa sèdjèn, lantaran anoe ngadèngè ketjep Parasman tèh sok inget sarta ngingetkeun (dieunteupkeun) kana tjarita-tjarita tatumoe bangsa sèdjèn anoe ngaradon soek-soekan ngaharagalken kana karoe-tjahan kapelesiran, nja éta pisan anoe aja dina boekoe-boekoe (roman-roman) anoe biasa dibararatja tèa.

Nja kitoe deui pirang-pirang bangsa Walanda anoe njangka sarta netepkeun kana sipat adatna **Inlander** (bangsa oerang Priboemi) tèh, ngan ngingetkeun sarta ngan makè oekoeran taladjakna badègabadèga (bedienden) djeung koeli-koeli anoe sok kaparanggih koe manèhna. Geura tjing, naon anoe katjipta koe rèrèana bangsa Eropa, ana maranèhna njararitakeun bangsa Tjina? lain éta baé anoe atra dina tingalna tèh ngan koeli-koeli djeung padagang anoe kalalasar adatna?

Koe sabab éta samèmèh njoektjroek enja-enja, samèmèh naloengtik ngaboelak-balik, njasar tepi ka kandas dasarna, mapaj raratan djalan (zielkunde) anoe brás kana atrana bangsa tèa, oelah baé ganagana wani ngaragragkeun saer njeboetkeun sipat adatna hidji bangsa, sabab gedè bahjana wèja djeung lalawora.

Mangga lenjepan; sarengna deui, naha saha at. mana anoe koe oerang rèk dipakè oekoeran beunang dipakè ngaragoem ketjep bangsa tèh, naha awèwèna atawa lalakina, djadjakana atawa aki-akina, ménakna atawa koeringna, djoeroe tanina atawa prijajina?

Saha anoe pangwalanda-walandana, naha éta Toean Troelstra anoe barangasan, atawa Toean Idinburg noe ajem teu getas hareuras? Saha anoe pangdjawa-djawana naha Radèn Kamil anoe titi soerti atawa Raden Notoesoeroto boedjanga anoe ajeuna aja di Eropa tèa?

Noemoetkeun **zielkunde** (psychologie) mah kana pahamna karèrèaanana djelema,

nja éta kana ngeukeuweuk ajana bangsa-bangsa tèh beuki ngolèmbur beuki samar, tapi tambah anteb kana ajana bagian golongan saperti: kaom tani, kaom soepir, kaom kiai, nja éta ngagoendoek-goemloekkeunana noeroetkeun sasaroeanana teu tolil kana bangsana.

Dina psychologie mah, anoe diterangkeun tèh baroedak anak djelema anoe samartabat (teu tolil bangsa naon) leuwih padeukent sipat-sipatna, nja kitoe deui sabalikna nadjan aja dina sagolongan bangsa, tangtue katjida bédana, ana bédana golonganana (kaonna) mah. Tjontona: anak anoe miskin, patani, soepir mobil, koeli, santri, pagawé S. S. dj. s. t. éta di sakoeulah doenja rèk saroea sipatna, rera wanda atawa tingkah lakoeana anoe mèmper, saperti anak noe miskin di Djawa djeung di Eropa, patani di dieu djeung di Tjina, di Djepang, di Amerika éta rera sasaroeanana. Komo Soepir mobil mah, di sakoeulah doenja pada mèh sarèngkak mèh sawanda.

Goeroe-goeroe anoe aranom di dieu di Djawa, eta tèh salègèg saramolah djeung goeroe-goeroe di nagara Walanda.

Tapi anak noe miskin djeung poetra pangagoeng, noe tui djeung soedagar, nadjan pada sabangsa kènèh, éta katjida bédana, lain-lainna deui.

Aja hidji alim, ahli zielkunde, oerang Inggris anoe pangmashoerna pisan, djengnganana Prof. Mijers anoe geus ngadjadjah ka Soedan, ka Egijpte, ka Papoea, ka Bornéo, dj. s. t., kersana naloengtik kaajaanana djelema-djelema.

Koe éta propèsor kapendak sarta koe-ninga jèn sipat-sipatna kaajaanana djelema anoe barodo kènèh di tempat anoe kasorang koe andjeumna tèa, nja saroea baé teu aja gèsèhna ti patani (boer) di Eropa anoe pada barodo kènèh, saperti patani Roeslan dj. s. t.

Anoe sok disareboet djelema saba-leuweung anoe djaringas kènèh (z. g. „wilden“) pantjadriana atjan sampoerna teu seukent tjawa anoe biasa, ieu mah goegon toehon pondok heureut, nja tjara oerang boer di Eropa baé, nja kitoe deui kalakoeanana atawa adat pamakèna nja rera naker anoe sapatotos.

Di mana-mana koe éta propèsor kapendak aja anoe barangasan aja anoe sabar aja noe getol aja noe ngedoel, aja noe pinter aja noe bodo, aja anoe goembira aja anoe moeroekoesoenoe. Dina pamendak éta Propèsor, djelema mah koemaha tjampoerna, da tempat djeung kaajaan anoe ditjampoeran teh gedè panarikna ka djelema, djadi lamoen tjampoerna djeung tempatna robah, tangtoe sipatna éta djelema miloe robah. Djadi propesor Mijers ogè sapagodos sareng pamendakna toean Izoulet tèa baè.

Geura komo oepama koe oerang dihaben diintip sarta pikir dieunteupkeun kana obahna kaajaan tanah Azia (Mangga bandingkeun kahiroepanana boemèn-boemèna Dr. Ratu Langi sareng èjangna) tangtoe oerang bisa miloe ngaenjakeun sarta ngarasa jèn éta katjapangan anoe ngabédakeun Koelon djeung Wétan tèh geus teu beunang ditjkel da bakal lèèh oedar sorangan.

Tapi rès kènèh baè anoe makè, sarta anoe keukuh mageuhan kana éta katjapanganu tèh malah pada marère katrangan, pokna:

Oosterling (oerang Wétan) moelit kana kabatinan (geestelijk), ari Westerling (oerang Koelon) ngoedag-ngoedag kadoenjaan (materialist). Kahajangan tèh, éta anoe pertjaja kana katrangan kitoe kersa soemping ka pondok koering, soepaja iasa ngadangoekeun pagoenemanana djelema-djelema anoe rék ka palasar. Da ari kadèngèna koe koering mah anoe djaradi tjarita tèh taja deui ngan „doeit” djeung istri. Geura koemaha deuk diseboetna ngoedag kabatinan oerang dieu da dina koempoelan goeroe-goeroe ogè ajeuna, tara njabit-njabit kabatinan malah kana kapuloan geusan ngamadjoekeun goena moerid mah katèlèr-tèlèr.

Aja deui anoe njarita kieu:

„Oerang Koelon temen wekel, oerang Wétan melentjing”.

Ari hadèna mah éta anoe njarita kitoe tèh, koedoe njaba heula ka nagara Tjina, engkè bakal ningal koemaha katemenana kawekelanaan kasoechedanana Tjina-Tjina anoe kapanggih di sapatat djalan, pèk geura bandingkeun djeung pagawè kantor

Goepernemèn boh kantor gedè boh kantor leutik boh di Djawa boh di Eropa. Atawa sina ningal gawèna toekang ngomèan djalan tjai (waterleiding) di nagara-Walanda, anoe sok kaparendak koe toean-toean anoe perlop ka nagri, sina dibandingkeun djeung toekang dagang bangsa Malajoe di Pontianak anoe sakitoe tararemena.

Naha ari oerang Arab dina windoe ka 6 ka 7 anoe sakitoe oenggoelna, éta teh koerang temen wekel batan oerang Sepanjel anoe roentag dina windoe ka 19?

Tjeuk sawarèh, tjenah:

Oerang Wétan toekang ngaheningkeun tjipta, djeung sagala aja djeroanana ahli mesèk siloka, ari oerang Koelon toekang salantjar ngoedag tjangkang.

Naha enja kitoe, tjing awas-awas di mana djeung iraha djoeroe tani oerang Soenda atawa soepir-soepir mobil di Batawi ngaheningkeunana tjipta? Djeung tjing bandingkeun kaajaanana Raden Kamil deung Toean Hinloopen Labberton.

Aja deui baè anoe ngabédakeun kieu:

„Oerang Koelon balaka tara oekal-èkol, tog-mol noedjoe kana karepna, oerang Wétan toekang bohong gedè wadoel djeung sok linjok!”

Tah éta mah anoe pertjaja anoe ngandel ka noe boga omong kitoe, kawasna anoe pangbaliloena pisan pang igeuna (onnoozel) baè. Ari sababna, naha lain di Koelon di nagara-nagara anoe geus diseboet demokratisch tèa, goedangna atawa enggonna bohong tèh? Na di mana aja tempat sèdjèn anoe ngaleuwihan bohongna ka di Koelon? Atoeh ari bohongna èkolna linjokna oerang Wétan mah, nja saalentan sapatotos baè sareng di Koelon tèa, ngan rada ganti roepa bèda modèlna, ari enjana mah nja kitoe kènèh baè ngan noeroetkeun hantjenganana.

Tah sateroesna nja kitoe baè oerang bisa njalahkeun kana roepa-roepa sipat anoe dipakè tjonto satjaritana anoe naroeing tèa.

Teu aja sipat Koelon anoe pipisahan pasalingsingan djeung sipat Wétan.

Moenggoeh pada oerang Azia kènèh ogè, nja aja oerang Djepang aja oerang Djawa. Di Djawa kapan aja soepir aja kiai,

aja noe getol aja noe melid, djadi teu pilih Koelon-Wétan.

Soegri anoe parantos ngaos boekoe karangan Propèsor Huizinga anoe eusina ngadadarkeun bab pikiran (gedachteleven) dina windoe-windoe baheula, tangtoe di dinja rëa mendakan hal-hal anoe tjojog sareng kaajaan di tanah Hindia djeung Azia lianna dina djaman ajeuna, sarta koe hal èta tangtoe moal kana bidjil sangka aja Oost djeung West, atawa njeboet oerang Azia oerang Eropa tèh, komo makè njabit-njabit mamawa kana koelit sagala roepa mah geus taja petana. Tapi tangtoe ngan pada pertjaja sarta ngan ngakoe kana ajana bèdana Djawa djeung Eropa tèh woengkoel dina bagbagan kapinteranana djeung kamadjoenanana baè, lain bèda Koelon djeung Wétanna.

Djeung tangtoe ngakoe jèn saenjana anoe dipikarep koe ketjap Oostersch atawa Wétan tèh, nja èta rangkepanana noe oenina „feodaal,” anoe hartina: ngahina kana gawè badag (handenarbeid), ngage-dekeun kana ngaheningkeun tjipta, njä-tjampah djeung ngekesek djalma masakat, noe beunghar sawenang-wenang, toekang api-api atina ahli njamoeni, toekang goegon toehon, dj. s. t. Tah ieu saenjana feodaal tèa, lain Oostersch piketjapeunana ari kitoe maksoedna mah.

Oepama adat sipatna bangsa-bangsa tèa geus teu beunang dipakè nètélakeun bèdana Oost djeung West, naha pantes poesaka-èlmoena — hasilna tina adat sipat tèa — dipakè ngabèdakeun ?

Di manana rëa anoe njaritakeun aja poesaka elmoe Koelon djeung aja poesaka elmoe Wétan, mani siga bèh boektina aja goeratna anoe misahkeun tèa.

Pada hal oepama pèk ngoenkab sadjarahna poesaka-elmoe mah oedjoeg-oedjoeg kanjahoan baè jèn anoe diseboet poesaka elmoe Koelon djeung Wétan patjorok djadi hidji.

Beuki djero kanjaho oerang tina perkara sadjarah kaadaban koena (oude beschavingen) djeung beuki nerekab kaadaban anjar (nieuwe beschavingen) tangtoe beuki leungit rasa anoe ngabèdakeun Koelon djeung Wétan tèh.

*Aja samboenganana.*

## Bab Wajang.

V

(Beunang njoetat tina boekoe karangan  
Toeun J. Kats).

### LALAKON ARDJOENA SASRA BAOE.

Soepados oelah matak ganggarateun ka noe maraos, wirèh dina Tjarios Batara Rama aja sempalan-sempalan anoe teu atjan kawajangkeun, ieu diheulakeun ngadadar lalakon Ardjoena Sasra Bae.

Sajaktosna tjarios Ardjoena Sasra Bae mah noemoetkeun pakemna, sanès Ardjoena Sastra anoe ngalalakonna tèh, nanging anoe djadi loeloegoe mah nja Dasamoeka kènèh baè.

Nja èta koe margi Dasamoeka, anoe ngageugeuh karadjaan Ngalengka, sakitoe dipikagimirna dipikarisina koe saeusi alam, soemawonna ari koe pada boeta sareng koe djelema mah, dalah koe para dèwa-dèwa ogè dipikasèrab dipikagimir, tina sakti taja tanding gagah rongkah teu aja pisan bangsana toeroeg-toeroeg sakitoe ngaraksoelna, doegi ka kedah diajonan koe Wisnoe. Wisnoe ogè doegi ka doea balikan gelarna lahir ka doenja, geusan roemaksa nangtajoengan dèwa-dèwa djeung djelema anoe pada nandang panandasa koe pangannijana Dasamoeka, radja pangoembar amarah. Doepi Wisnoe loemoengsoerna noe ti heula nja ka Ardjoena Sastra.

Noemoetkeun djangdji pasini, lamoen Dasamoeka kasoran koe Ardjoena Sastra, moal ditigas ditelasan, sok moen kersa Dasamoeka taloek anoet ka Ardjoena Sastra. Nanging oepami Dasamoeka anoe oenggoel, Ardjoena Sasra tepi ka poepoes, nja ladjeng tèa Rahwana djoemeneng Radja Ngalengka, sawenang-wenang sakama-kama.

Koe margi wekasanana Ardjoena Sasra anoe kasoran, teu kiat njangga kadigdjaan Dasamoeka, nja Wisnoe loemoengsoer deui kadocaa kalina, nitis ka Batara Rama poeta radja Ngajodija, anoe ahir-

na sahès moeng iasa noempes Dasamoeka baè, tapi iasa njaangan alam panoengtoen kana rahajoe, miakkeun angkara moerka.

Miema cerang ngawitan mapaj toetoranana djedjer anoe ngalakon tèa, noemoetkeun galoering paken.

Katjariskeun di nagara *Lokapala* anoe djoeneneng narpati djenenganana Kangdjeng Radja *Wisrawa*, pramèswarina kakashua Dèwa *Lokati*, kagoengan poetra djenenganana *Danaradja*.

Sapranatos Wisrawa katilar poepoes koe pramèswari, teu kiat nandang soengkawa kalelehan koe garwa, ladjeng baè sèsèrèn kamapadian, nersrabkeun karadjaan ka poetra anoe djenengan *Danaradja* tèa, andjeunna mah ngabagawan njinarkeun salira, sedja ngahenang-ngahening ngadjaga ngadjaring poetra.

Kangdjeng Radja *Danaradja* kawentar kabidjaksanaanana, sabar adil palamarta, saeusi nagara pada wedi asih, migoesti ka Sri Maha Ratoe. Handjakal teu atjan kagoengan garwa, anoe djadi pramèswari geusan maréntah saeusi poetri.

Manah rama padjan enggeus ngabagawan, ngagoeligh atjan tibra, oepami teu atjan ningali poetra kagoengan garwa. Koe margi éta Wisrawa siang-wengi nji-leuk ngilar poetri anoe panoe djadi mantoe, baris ènggal dilamar pikeun garwa poetrana.

Kaleresan aja selenting bawaning angin, jèn di nagara *Ngalengka*, radja boeta anoe djenengan *Soemali*, keur ngadeg saëmbara, nja éta saha-saha anoe bisa ngèlèhkeun boeta gegedoeg *Ngalengka* anoe ngaran *Djamboemangli*, baris dipaparin poetri poetra maha radja, djenenganana poetri Dèwi *Soekèsi*, anoe geulis tanpa tanding, èndah teu aja bangsaana.

Ènggalna Maha Radja *Wisrawa* djengkar ti *Lokapala* ngaboedjeng ka *Ngalengka*, baris ngiring lebet balabar kawat, makajakeun poetra noe enggeus ngadeg nalendra.

Sarawoehna ka *Ngalengka* ger perang tanding *Wisrawa* sareng boeta *Djamboemangli*, pada ngadoekeun kasaktèn meta-keun djadjatèn, sarta toengtoengna *Djamboemangli* kawon, kasoran koe *Wisrawa*, Dèwi *Soekèsi* kamilik baris ditjandak ka *Lokapala*.

Nanging *Wisrawa* barang bèh ningali boekti, sidik poetri lenggik tanpa tanding manahna kagèmbang koe kaèndahan, teu tahan ningali kageulisan poetri, oeroej teu kènging dipegoeng, teu kawawa koe kabita, kapintjoet koe pimantoeun, toengtoengna lat lali kana djangdji, ngoembar pangadjak amarah, asal makelatkeun poetra, ajeunna kop koe andjeunna.

*Wisrawa* teu moelih deui ka *Lokapala*, ladjeng garwaan di *Ngalengka* baè, nja kagoengan poetra ti Dèwi *Soekesi* opat, tiloe pameget hidji istri. Demi poetrana tèh nja éta:

1. *Rawana*, boeta mastakana sapoeloh, panangan doa poeloh.
2. *Koembakarna*, boeta ngadjoenggiring sagedé pasir.
3. *Sarpakanaka*, poetrana noe istri, salira manoesa ari rarajna raseksi.
4. *Wibisana*, kasèp salira sambada, pin-ter soerti toer berboedi, sabar darana toer adil, tandang wanda kamanoesan.

*Aja Samboenganana.*

## Paririmbou.

Ngaran.

*Noemoetkeun (kutrangan sepoeh)*

Oerang Soenda mah mèrèanana ngaran ka anakna henteu daramo sok baè, tapi aja atoerana aja itoengarana. Demi anoe dianggap ngaran sadjati tèh, nja éta ngaran keur orok, lain ngaran pangnènèh, atawa lalandian malah sok diakoe ngaran bawa ngadjadi, éta mah anoe matak mèrèanana apik djeung ati-ati naker moenggoehing di bangsa oerang mah da bisi njalahana tèa, kawantoe dina sangkana sok aja matakna, aja mamalana ana salah lain pingaraneunana tèh.

Rèa orok anoe ngèar baè, pagegedèanana ririwit malah tampolana tepi ka adjalna, lantaran salah ngaran tjenah; éta margina noe mawi aja boedak anoe nepi ka diganti ngaran doea tiloe kali ditèangan ngeunaheunana.

Ngaran anoe teu hadè tèa, geuwat diibaratkeun *paèh*, tapi lain koe diseboet *paèh* atawa diganti-ganti kitoe woengkoel, koe-doe aja palakiahna dihadjatan sagala, biasana koe boeboer bodas boeboer beureun, minangka saksi jèn éta orok (boedak) geus lain anoe fadi ngaranna, ngaran tadi mah geus *paèh* tèa ajeuna ganti ngaran anjar, Saperti hidji boedak koe bapana dingaranan *Gotama*, woeri-woeri ririwit geringan; barang dipariksa koe sepoeh anoe oeninga, pang tiktik-brek tèh lantaran salah ngaran teu koeat njangga ngaran éta, lain pingaraneunana, saोजना, koedoe diganti (dilandi) deui. Barang geus dilandi koe ngaran *Gartiwa*, boedak tèh geringna tja-geur awakna moeloes. Ieu tepi ka ajeuna ilahar dipertjaja kènèh.

Demi atoerana mèrèanana ngaran tèh aja roepa-roepa, tapi koe oerang beunang dipasing dibagi doea nja éta: *Hidji* anoe

apik noeroetkeun kapertjajaan maksoed dioedagkeun kana pingeunaheunana boedak. *Doea* anoe darapon, ngoedag karep sakahajang anoe mèrè tèa baè.

Noemoetkeun paham anoe kadoea, boedak tèh koedoe boga ngaran anoe soeroep kana kahajangna, ari njandakna, biasana, *hidji*: moeri-moeri djenengan karochoenna anoe laloehoeng, ngaran anoe kawentar dina kitab-kitab, dina wawatjan-wawatjan, dina dongèng-dongèng, dina boekoe-boekoe, djenengan para widadari, para nabi, para wali sareng sadjati ti éta, nja éta ngalap berkahna malakmandar kahibaran koe anoe ditiroe djenenganana.

Sapertos: Joesoep, Ibrahim, Ali, Oemar, Oesman, Moehamad, Gotama, Patimah, Hadidjah, Wèndaningsih, Siti Djariah, Siti Aminah, Mariam, Mariah, Isa, Moesa, Jakoeb, dj. s. t.

*Doea*, ngaran boedak tèh dianggo tanda pangèling-ngèling. Sapertos oepama aja boedak dilahirkeun dina waktoe pesta radja (Kangdjeng Radja Poetri Wilhelmina), boedak tèh toeloej baè dingaranan *Nji Mina*.

Dilahirkeun dina waktoe G. Karakataw bitoe, boedakna dingaranan *Nji Rakataiah*. Pedah sejoeh boga sobat dalit djenenganana *Djaèlani*, toeloej poetrana didjenenganan *Djaèlani* deui. Boedak dilahirkeun dina waktoe ramana meunang bintang, dingaranan *Bintang*. Rama tas meunang oentoeng, ana poetraan didjenenganan *Gimandjar* dj. s. t. Lain ti éta sok njandak tina ngaran poè atawa boelan waktoeana dipedalkeun pikeun tanda pangèling-ngèling kènèh, nja éta njandak salah sahidji aksara ngaran poè at. boelan tèa, atawa tampolana mah sagemblengna baè, sapertos dilahirkeun dina poè Kemis, boedakna dingaranan *Kamsiah*, *Kamsan*, *Karman*; dilahirkeun dina poè Ahad, boedakna dingaranan *Hadidjah*, *Ahjad*, *Soehada*, *Marhad*, *Ahmah*; dilahirkeun dina boelan *Radjab*, boedakna dingaranan *Djabir*, *Radjab*, dj. s. t.

Toeroenan Galoeh, mèh sadajana djenenganana mimitina aksara G. sapertos:

Gardèa, Gardjita, Gantirah, Goertimi, Goemiwang, Gartiwa, Garnadi, Gilang, ieu ogè nja tanda pangling-ngeling kènèh.

Katiloè ngaran boedak tèh noeroetkeun sipat kaajaanana orok, nja èta oepama boedakna lintoeh sok dingaranan si Bon-tot, lamoen leutik aja anoe dingaranan Tjilik, Pokèk (Okèk), dj. s.t.

Kadjabi ti ieu anoe tiloe roepi, nja aja kènèh atoeran anoe sanès.

Sakoemaha anoe parantos ditjarioskeun tadi, jèn kadjabi ti koe atoeran kitoe, mèrèan ngaran ka boedak tèh aja anoe noeroetkeun *kapertjajaan* deui, nja ieu anoe rèa tèktèk-bengèkna rèa idjrahanana tèh, kawantos kedah kakoeroeng koe itoengan palintangan. Nanging dina kalangan kapertjajaan ieu ogè henteu saaleutan sadajana, nepi ka kènging disebat aja doea tiloe paham anoe djadi babakoe.

Tjeuk sakaol, ngaran tèh gedè perbawana ka boedak, nepi ka hiroepna sarta sipat kaajaanana boedak dina djadina djelema, hina moeljana oentoeng apesna bagdja tjilakana, èta goemantoeng kana ngaranna, medal tina panarik naktoe djeung perbawana engang aksara dina ngaran tèa, da dina kapertjajaanana djoembiahna naktoe aksara atawa roentoejan engang anoe geus ngawoedjoed ngadjadi ngaran, èta aja tanagaan lir oetjap noe djadi djampè. Noe matak oelah gagabah, bisi aja mamalana ka noe miboga.

Tapi ari tjeuk sakaol deui mah lain kitoe, moenggoeh sipat kaajaanana boedak dina djadina djelema, bagdja tjilakana tèa, èta geus bawana ti kadim, lain lantaran pangaroeh ngaran, da ngaran mah pandeuri. Ari èta sipat-sipatna loehoer handapna hina moeljana geus aja dina *wandana*, aja soeroepan anoe sieup kana adeg-pangadegna kana tjiriwantjina diri. Djadi ngaran mah ngan sakadar noe soeroep kana wandana, oelah tepi ka pasalingsingan woedjoed ngidoel sipat ngètan. Tah, ngan dina njoeroepkeunana, koedoe naros ka noe oeninga, sangkan loejoe oelah kai diseboet batoe lantaran sok soelaja djeung rasa mambrih salamet sapapandjangna.

Ajeuna aja saroepea deui, pamanggih kaol katiloè, anoe njarioskeun jèn sipat kaajaan boedak dina djadina djelema tèh, toekoeuh toedoeh kana naktoe, naktoe poè djeung pasaran, nja èta toemoet saat nalika si Baji medal. Ari moenggoehing ngaran, èta bareng djeung noe boga, oelah diseboet heula pandeuri, lajeut saaleutan ngaran djeung noe dingaranan; malah — saoerna — kapan sagala sipat ogè geus mawa ngaran sorangan teu aja noe ngangaranan, dalah baji barang goebrag geus mawa aksara sorangan. Djadi ngaran tèh koedoe ngoedag sarta nintjak kana sipatna boedak, lain boedak anoe katarik koe sipatna ngaran. Ari èta ngoedagkeunana sipatna ngaran kana sipatna boedak, nja èta koe itoengan palintangan noemoetkeun naktoe-naktoena aksara. Noemoetkeun paham ieu, oerang bisa nganjahokeun sipatna noe boga ngaran, nadjan teu ningal boektina, tjoekoeuh koe katrangan ketjapna ngaran tèa baè, da ngaran geus beunang ngahadja ditjandak soeroepanana noe dingaranan. Èta margina noemawi *repok* atoeran boehoen tèa, tjekap koe diètang naktoena ngaran woengkoel ngaran awèwè djeung ngaran lalakina, da ngaran tèh asal tadi ditjandak tina *gambarna wanda* noe boga. Djadi ana kitoe oepami ngaran sanès soeroepan wanda mah, nadjan aloes repokna ninggang di padaringan-kebek ogè, nja moal matak boga bèas, da lain-lainna deui repokna djeung noe direpokkeun. Èta saibarat keui: „Oejah, tjabè, tarasi dirèndos djadi sambel; matak ngeunah dahar sotèh, lamoen oejah enja tjabè enja tarasi enja anoe dirèndosna, tapi lamoen ngan diseboetna baè woengkoel oejah sotèh, ari boektina keusik, diseboet tjabè boektina rokrak, diseboet tarasi boektina kapeok, manggra rèndos geura tjojol koemaha pirasaemana?”

Ajeuna oerang ladjengkeun kana prakarna mèrèan ngaran.

Noemoetkeun kaol kahidji, *Tja* ngaran anoe djadi perbawa, djadi ngan kari ngatoer aksara baè woengkoel dipaparah di-soeroep ngarah roentoejanana djadi ngaran — tampolana siloeng meueusan mah teu djadi halangan — anoe diarah

soepaja djoemlah naktoena ninggang kana bingbilangan anoe aloes. Djoemlahna naktoe aksara Djawa tèa dibagi koe bingbilangan anoe bakoe nja èta: koe 5, koe 7, koe 9 dj. s. t.

*Baris disomboeng.*

### **Dongèng sepoeh.**

(Tandoeran-gagang).

Katjarioskeun saparantos Kandjeng Radja Siliwangi kapèpèd koe balad Islam, sarta Padjadjaran geus ger dirandjah moesoeh, nja ladjeng kempelan di karaton para poetra garwa sareng mantri ponggawa anoe satia toehoc ka andjeunna, goenèm tjatoer njarioskeun koemaha pibaloekareunana. Wartosna harita ladjeng ngahijang tèa, Sri Maha Radja Siliwangi sabaladna, dina dinten Salasa kaping 14 sasih Moeharam, ngantoenkeun poetra salapan. Henteu katjatoer ari poetra anoe dalapan mah, kotjapkeun poetra istri anoe djenengan Njai Poetri Rara Mandapa nangis ngabangingik tina roemaos noenggelis geus teu iboe geus teu rama mangkaning pangawak istri, toeroeg-tocroeg ngangres ngenes lantaran ningali nagara, poesaka toetoroenan ti karoehoen, nepi ka roeksak diboerak-barik. Damelna siang-wengi midangdam sasambat ka iboe-rama, ka Praboe Siliwangi anoe parantos ngahijang tèa, moentang moendoet toeloeng koemaha nja pilakoeun, sareng teu petot soebaha djeung ngarasoela, saorna: „Naha mana peungpeung teugeuh harianeun teuing oerang Islam, mergasa noe tanpa dosa, maksa ka anoe teu soeka, nandasa ngaroeksak nagara deungeun, naha mana kabina-bina teuing!”

Bari sasambat teu aja kandatna, andjeunna djengkar ti Padjadjaran asroek-asroekan ka leuweung-leuweung, toeroen goenoeng oenggang goenoeng, sarta oenggal

soemping kana moemoenggangna pasir noe loehoer reg andjeunna lirèn, diselang ngalirik ka toekang ka palebah Padjadjaran, segroek nangis loemengis tina bakating koe tibelat bari sasambat njabat „teungteuingeun”.

Lami-lami djol andjeunna soemping ka goenoeng . . . . , gok patepang sareng Kai Adjar . . . . anoe eukeur tatapa moedja semèdi siang-wengi.

Koe Adjar Njai Poetri Rara Mandapa dipariksa, anoe ti mana, arèk ka mana djeung koe naon pang nangis kanjenerian.

Enggalna koe Nji Poetri ditjarioskeun ka Adjar jèn andjeunna poetra Padjadjaran noe keur nandang kaprihatinan, lantaran njeri katilar koe iboe-rama, sarta paralak koe andjeunna didadar ditètek ti wiwitan dongkap ka wekasan.

Dawoehan Adjar: „Beu Njai Poetri, èta perkara oelah arék dianggo leutik manah, soemawonna ngerik prihatin, kedah èmoetkeun koelak tjanggeum bagdja awak. Ari kanjeri pileungiteunnana taja lian ngan andjeun koedoe tatapa, toeh dina handapeun tangkal seureuh, engkè di mana èta seureuh moerag ètèkna, geuwat koe andjeun tjokot toeloj seupah. Sakitoe piwoelang èjang, prak ajeuna mah geura lampahkeun.”

Koe Njai Poetri henteu diengkekèkeun deui, dek baè andjeunna tatapa dina handapeun seureuh tèa, siang-wengi teu ingkah ti dinja. Barang parantas mangtaoentaen geus aja poeloehna taoen, tjlik kalakaj ètèk tèh ragrag, sarta top koe Nji Poetri ditjandak ladjeng dilemar.

Kersaning Kang Maha Soetji, sapada harita Nji Poetri ngandeg, sarta barang tepi kana mangsana, goeroedag babar poetrana istri, geulis lain kaodelinan èndah taja papadana, nja didjenenganan *Njai Tandoeran gagang*.

Nji Poetri Tandoeran-gagang, beuki ageung beuki geulis, geus djadi sabiwir hidji, djadi katjapangan sadajana rèa wandoe noe kairoet rèa doeda noe kengendam tina ningal kageulisanana.

Lami-lami kaempèr-empèr ka Soeltan Banten jèn aja poetri geulis di paminggir, ènggalna dipendoet koe Soeltan baris di-anggo selir.

Nji Poetri Rara Mandapa henteu iasa ngorètkeun tina poetra dipendoet koe ratoe, nja ladjeng disanggakeun baè ka nagara.

Wartosna Kangdjeng Soeltan ngadadak ngadamel karja, tina bingah kenging selir geulis lir widadari toeroen ti langit. Nanging barang rèk dikoeleman Kangdjeng Soeltan katjida kagètna rèh poetri tina бага medal seuneu. Koe Kangdjeng Soeltan dihaben dipalakiahan koe roepa-roepa tarèkah pikeun toemba, Nji Poetri, tapi welèh sadaja moebah teu aja noe mental.

Tina welèhna ladjengna mah poetri diwangsoelkeun deui ka iboena teu kenging aja di karaton, margi disangka panas matlak sangar ka nagara.

Koe panjariosan èta Nji Tandoeran-gagang sanès moeng koe Soeltan Banten woengkoel badè dipigarwana tèh, malah kantos dipendoet sareng diselir koe Radja Mataram; nanging nja kitoe baè teu tiasa loeloet lantaran medal seuneu tèa, sapertos anoe parantos-parantos.

Tina bendoena Ratoe Mataram kawoe-woeh ngaraos wirang, ladjengna Nji Tandoeran-gagang diboeang ka hidji poelo alit anoe disebut Noesa sakalèreun tanah Djaketra.

Siang-wengi Nji Poetri Tandoeran-gagang nangis tina toegenah ngèmoetkeun bagdja salira, sareng peurih raos dikaniaja koe radja tepi ka diboeang ka poelo kosong.

Lami ti lami aja kapal bangsa koelit poetih anoe balaboe di èta poelo. Barang nangkoda kapal handjat ka darat katjida kagètna ningali istri keur nangis bangoen njeri-njeri teuing, sarta toeloj dipariksa.

Ki Nangkoda kagèmbang manahna ningali kageulisanana èta istri, sarta harita kènèh waktja jèn lanoen Nji Poetri kersa koe andjeunna baris dipigarwa.

Nji Tandoeran-gagang anoe keur sakitoe sangsarana haripeut aja noe njambat tèh, moeng saerna andjeunna kedah dipendoet heula ka Radja Djawa margi masih kènèh katalian koe hoekoem.

Enggalna nangkoda koelit poetih tina banget mikarep ka Nji Tandoeran-gagang, geuwat ngadeuheus ka Radja Djawa njoehoenkeun èta Nji Tandoeran-gagang baris dipigarwa. Koe Radja Djawa henteu dikorètkeun, ladjeng dipaparinkeun baè ka Ki Nangkoda, tapi koedoe dibeuli. Nja ladjeng ditoekeuran koe mariem tiloe, si Amoek, si Djagoer, sareng si Sapoedjagat.

Nji Tandoeran-gagang ditjandak ka nagri koe tjarogèna nja kagoengan poetra pameget, anoe ngaroendajkeun toean-toean anoe djenengan **Baron Sakender** sareng **Baron Soekmoen**.

Èta para poetrana kènging katrangan awit ti Nji Tandoeran-gagang, kènèh jèn andjeunna toeroenan Padjadjaran anoe kagoengan Noesa Djawa, anoe mawi angkat ka Djaketra baris njandak waris bagian iboena. Tah kitoe tjeuk toetoean sepoeh anoe mawi Noesa Djawa kaerèh koe Walanda tèh, lantaran njandak warisan ti iboe.

